



Pou Piblikasyon Imedya: 14/08/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL OUVRI YON NOUVO SITWÈB POU PARAN AK ELÈV NAN NOUYÒK POU YO KA JWENN RÈGLEMEN LEKÒL YO SOU RESTRIKSYON TELEFÒN ENTELIJAN PANDAN SEZON OTÒN SA A

Lwa Eta a egzije restriksyon soti nan premye rive nan dènye son klòch la sou telefòn entelijan ak lòt aparèy pèsonèl ki konekte ak entènèt nan lekòl K-12 atravè tout Eta a

Kounye a, Nouyòkè yo ka vizite ny.gov/phonefree pou chèche règleman lekòl yo

Sitwèb la gen ladan li règleman plis pase 1,050 distri ak lekòl atravè Nouyòk pibliye

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te louvri yon nouvo sitwèb — ny.gov/phonefree — ki pèmèt paran ak elèv nan Nouyòk yo chèche plan lekòl yo pou mete restriksyon sou telefòn entelijan soti nan premye rive nan dènye son klòch pandan sezon otòn sa a. Sitwèb la pèmèt Nouyòkè yo fè rechèch dapre non distri oswa non lekòl la nan plis pase 1,050 distri lekòl piblik, lekòl piblik endepandan, ak BOCES ki deja pibliye règleman yo pou ane lekòl k ap vini an – sa reprezante anviwon 96 pousan nan apeprè 1,090 distri ak lekòl total egzijans eta a kouvri. Administratè lekòl yo atravè eta a ap aplike plan sa yo kòm yon pati nan nouvo lwa Gouvènè Hochul ki egzije restriksyon sou telefòn entelijan soti nan premye rive nan dènye son klòch la nan lekòl K-12 yo atravè tout eta a.

"Timoun nou yo reyisi lè y ap aprann epi grandi, se pa nan klike epi defile — e se poutèt sa lekòl atravè Eta Nouyòk yo pral pare pou aplike restriksyon sou itilizasyon telefòn entelijan soti nan premye rive nan dènye son klòch la pou otòn sa a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap prepare nou pou kòmansman ane lekòl la, kominikasyon se kle – e nouvo resous sou entènèt nou an ap fasilite paran ak elèv yo pou yo revize plan lekòl yo."

Distri ak lekòl ki rete yo espere finalize règleman yo nan jou k ap vini yo nan pwochen reyinyon konsèy lekòl yo ki pwograme pou mwa out. Resous sou entènèt Eta a ap kontinye mete ajou chak fwa gen lòt règleman ki pibliye ak soumèt.

Lwa Lekòl San Distraksyon Gouvènè Hochul te siyen an egzije restriksyon sou itilizasyon telefòn entelijan soti nan premye rive nan dènye son klòch la nan distri lekòl K-12 yo nan tout eta a, apati otòn sa a pou ane lekòl 2025-26 la. Nòm eta Nouyòk la genyen ladan li:

- Pa gen okenn itilizasyon san otorizasyon telefòn entelijan ak lòt aparèy pèsònèl ki pèmèt ou konekte ak entènèt sou lakou lekòl la nan lekòl K-12 yo pou tout jounen lekòl la (soti nan "premye rive nan dènye son klòch la"), ki gen ladan lè salklas ak lòt kontèks tankou manje maten ak peryòd etid yo
- Pèmèt lekòl yo devlope pwòp plan yo pou estoke telefòn entelijan pandan jounen an — bay administratè yo ak pwofesè yo fleksibilite pou yo fè sa ki pi bon pou bilding yo ak elèv yo
- Garanti 13.5 milyon dola nan finansman ki disponib pou lekòl ki bezwen èd pou achte solisyon estokaj pou ede yo elimine distraksyon
- Egzije pou lekòl yo bay paran yo mwayen pou yo kontakte pitit yo pandan jounen an lè sa nesesè
- Egzije pou yo konsilte pwofesè yo, paran yo ak elèv yo nan devlopman règleman lokal la
- Anpeche disiplin ki pa jis

Règleman Gouvènè Hochul la pèmèt aksè otorize a telefòn selilè senp ki pa gen kapasite entènèt, ansanm ak aparèy ki pèmèt entènèt lekòl yo bay ofisyèlman pou ansèyman nan salklas, tankou òdinatè pòtab oswa tablèt yo itilize kòm yon pati nan plan leson yo.

Anplis de sa, règleman Gouvènè a gen ladann plizyè egzansyon pou restriksyon telefòn entelijan, tankou pou elèv ki bezwen aksè ak yon aparèy ki pèmèt ou konekte ak entènèt pou jere yon kondisyon medikal, kote Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) yon elèv egzije sa a, pou rezon akademik oswa pou lòt rezon lejitim, tankou tradiksyon, swen famiyal ak ijans.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)